- Dosen : “Kowe gawe sakalimat. Panjenenga lak milih iki, Aja uga tansah mencla-mencle. implikasine apa? gawe sakalimat, saukara.”
- Mahasiswa : “Presidhen dipunajab gadhah sikap ingkang tegas anggenipun ngadhepi masalah tartamtu sahingga boten ndadosaken masalah ingkang enggal utawi isu ingkang sanesipun.”
- Dosen : “Implikasinne presidhen kudu tegas, konsisten. Kuwi implikasine, nah pertanyaane kok panjenengan ketoke kabeh iki sing tok gawe data implikasi kok nang ngisor? kabeh, kok ora sing dhuwur?”
- Mahasiswa : “Amargi menika Pak, unit analisis kula wacana sentilanipun, sentilan aneka pojok menika ingkang taksih gegayutan utawi adhedahasar konteks sosialipun. Lah ingkang tanda ples menika ugi boten saged dipunpisah kaliyan sentilanipun.”
- Dosen : “Implikasimu apa?”
- Mahasiswa : “Kritik kangge presidhen, umpaminipun aja uga tansah mencla-mencle. nah aja uga tansah mencla-mencle menika bentuk kritikipun Pak.”
- Dosen : “Presidhen ora prelu nanggepi kabeh isu, implikasine apa kalimat kuwi? kok ora kuwi kok analisis. Kok kabeh sing ngisor ? apa alasannya ?”
- Mahasiswa : “Amargi sentilan-sentilan menika ngewrat basa ingkang implikatif menawi dipungayutaken kaliyan konteks sanyatanipun wonten makna ingkang tersirat utawi makna ingkang boten dipunlesanaken, mekaten Pak.”
- Dosen : “Sing kuwi tak wacake. Hukuman kanggo koruptor kenthengen. Implikasine apa? kuwi ana implikasine ora?”
- Mahasiswa : “Kangge koruptor menika seharusnya kedahipun hukuman kangge koruptor menika diperberat Pak”
- Dosen : “Pertanyaane, ukara menika wonten implikaturipun boten?”
- Mahasiswa : “Wonten Pak.”
- Dosen : “Ora kok garap ngapa? Kok milih sing ngisor ?”

- Mahasiswa : “Amargi sentilan-sentilan menika langkung kathah wosipun opini utawi pendapat wontenipun warta utawi berita Pak saking redaksi majalah Panyebar Semangat. Nah, opini-opini menika mesthinipun gadhah makna ingkang boten langsung dipuntuturaken saking redaksinipun. Nanging ugi sentilan menika boten saged pisah kaliyan situasinipun. Mekaten Pak.”
- Dosen : “Lah saiki, bedane kritik, saran, harapan, sindiran iki apa? kok aku bingung maca iki, kritik ya kaya saran, saran ya kaya harapan. Piye Mbak? Mengko dikuati supaya jelas Mbak terus ditambahi hasil panjenengan memahami kalimat-kalimat berita, perintah, implikasine panjenengan wujudke apa? dalam bentuk ukara yang jelas nggih. Dadi nggon tabel iki wenehi penjelasan implikasine, ora mung kritik untuk presidhen, implikasinya apa? kritiknya wujudnya apa? presidhen kudu tegas ngono Mbak. Ning mung omong aja mencla-mencle. implikaturya apa? bisa yang lain. sudah ya. Sampun Bapak, Ibu.”
- Dosen : “Aku nambahi sithik wae, KPK mbantah ora profesional ngono ta? Kritik terhadap KPK, KPK mbantah ora profesional. Njuk neng kono kita butuh bukti dudu janji. Lah janjane ki sing dibutuhke rakyat ki apa ta?”
- Mahasiswa : “Bukti menawi...”
- Dosen : “Lah ya buktine apa?”
- Mahasiswa : “Kinerja saking KPK menika”
- Dosen : “Dadine buktine KPK profesional. Lak ngono kuwi ta? Lah kuwi implikature , ngono kuwi, buktine ngono kuwi. Dadi urung kok omongke. Nah kene kan taksih padha. Kritik untuk KPK yang membantah tidak profesional sehingga masyarakat butuh bukti. Lah iki awakmu ya urung nyebutake. Dadi kudune nang kene ki, masarakat butuh KPK profesional.”
- Mahasiswa : “Wonten pembahasnipun wonten”
- Dosen : “Coba pembahasane kok duduhke.”
- Mahasiswa : “Situasi wacana menika ngandharaken bilih KPK mbantah boten profesional. KPK mbantah ora profesional. Lajeng KPK mbantah menawi tujuan ketidakprofesionalan menika klentu, nanging sentilannipun kita butuh bukti dudu janji. Nah menika...”
- Dosen : “Diwaca ta?”
- Mahasiswa : “Sentilan berupa kalimat kita butuh bukti dudu janji. Dalam konteks tersebut mengandung implikatur kritik yaitu teguran bahwa masyarakat butuh bukti nyata jika memang selama ini kinerja KPK sesuai dengan tugas dan tanggung jawabnya dalam menangani kasus korupsi bukan hanya janji dan ucapannya saja, dengan demikian KPK dituntut untuk dapat membuktikan terkait dengan ketidakprofesionalannya.”
- Dosen : “Kuwi isine kudune masarakat butuh KPK profesional. Kuwi ditambahi indikator hasil implikature. Hasil implikature urung kok omongke. Hasilmu apa kudune? Implikatur ta?”

- Mahasiswa : “Inggih”
- Dosen : “La inggih, dadi hasile kritik sindiran, kritik untuk presiden. Ning kaya ngapa implikature? Wis aku takon ngono kuwi wae. Mangga Bu Siti Mulyani, aku mengko wis ra takon ya.”
- Dosen : “Assalamu’alaikum Wr. Wb. Ndherek bingah mbak Rini sampun kasil ngrampungaken skripsi kanthi irah-irahan implikatur dalam wacana Aneka Pojok majalah Panyebar Semangat. Sekedhik konfirmasi pitakenan saking kula. Ingkang panjenengan tliti menika kalebet implikatur, menapa ta mbak ingkang dipunwastani implikatur kala wau panjenengan ambali malih ingkang sampun jawab?”
- Mahasiswa : “Implikatur menika tuturan ingkang eh.. makna tersirat wonten ing tuturan utawi makna ingkang boten dipunlesanaken.”
- Dosen : “Inggih, ingkang panjenengan garap implikatur wonten pundi?”
- Mahasiswa : “Implikatur non konvensional.”
- Dosen : “Boten, ing pundi?”
- Mahasiswa : “Ing majalah Panyebar Semangat taun kalih ewu sedasa.”
- Dosen : “Sedaya?”
- Mahasiswa : “Boten, namung...”
- Dosen : “Sekedhap, sedaya wacana rubik PS ingkang panjenengan tliti?”
- Mahasiswa : “Boten”
- Dosen : “Lah ingkang pundi?”
- Mahasiswa : “Namung tuturan sentilan wacana pojok.”
- Dosen : “Menawi pun tingali, wacana pojok menika wonten pinten perangan?”
- Mahasiswa : “Wonten kalih inggih menika”
- Dosen : “Inggih napa kaliyan menapa?”
- Mahasiswa : “Situasi kaliyan sindhiran. Situasi menika berita utawi warta wontenipun kedadosan wonten ing masarakat. Lajeng sindhiranipun komentar utawi tanggapan wontenipun wacana menika, ingkang sentilan menika pendapat utawi komentar saking redhaksi majalah ingkang gegayutan.”
- Dosen : “Menawi ingkang berita, pawarta kalawau, panjenengan andharaken bilih ngrembag implikatur boten saged lepas uwal saking konteksipun, nggih panjenengan saged panggihaken wonten mriku?”
- Mahasiswa : “Konteksipun wonten, nanging ugi dipungayutaken kaliyan konteks sanyatanipun Ibu, dados dipungayutaken kaliyan berita-berita wonten ingkang saweg dipunperbincangkan.”
- Dosen : “Kok dipunperbincangkan. Wonten gagayutanipun wacana menika wau. Cobi panjenengan andharaken kados pundi anggen panjenengan manggihaken implikatur kaca 61? Nomer 61 data 21. Panjenengan terangaken dhateng kula, kados pundi caranipun saged manggihaken implikatur?”
- Mahasiswa : “Dhagelan ing televisi saya ora lucu, kalah saingan karo dhagelane DPR. Kalah saingan karo dagelane DPR menika

- situasinipun dagelan ing televisi menika sangsaya boten lucu nanging amargi kalah saingan kalih dhagelan DPR. Dhagelan DPR ingkang dipunmaksud menika penyimpangan-penyimpangan utawi penyimpangan kinerja DPR ingkang mesthinipun saged kangge tuladha dhateng warga Indonesia, nanging DPR menika DPR minangka wakil rakyat menika boten saged paring tuladha.”
- Dosen : “Boten usah kadohan saking ukara menika ingkang panjenengan anggep wonten implikatur menika ta? kalah saingan karo dhagelane DPR. Ingkang panjenengan andharaken kala wau makna yang tersirat. Saking menika makna ingkang tersirat menapa?”
- Mahasiswa : “Dhagelane DPR.”
- Dosen : “Heem, kalah saingan karo dhagelane DPR. Makna ingkang tersirat menapa? nek dhagelane DPR wonten mriki wonten. “
- Mahasiswa : “Dhagelan menika lelucon, dados DPR dipunanggep satunggaling bab ingkang lucu.”
- Dosen : “DPR dipunanggep?”
- Mahasiswa : “Satunggaling bab ingkang lucu. Wonten kinerjanipun menika dipunanggep lucu. Umpaminipun wonten ing negeri Indonesia wonten kedadosan utawi bencana, nanging DPR malah asik mlampah-mlampah utawi plesiran wonten ing luar negri. DPR menika ngawontenaken rapat, nanging kedahipun rapat menika dipunlaksanakaken, dipunwontenaken kanthi cermat. Nanging kenging menapa wonten anggota DPR ingkang tilem wonten ing wekdal menika Bu napa wonten rapat menika. Menika satunggaling kanyatan bilih dhagelan wonten ing DPR menika lucu utawi dhagelan wonten ing mriki kalah saingan kaliyan dhagelane DPR.”
- Dosen : “Bilih DPR ki gaweane lelucon. Nggih, cekap semanten. Maturnuwun. Wassalamu’alaikum Wr. Wb. “
- Dosen : “Nggih samenika Pak Hardiyanto mangga.”
- Dosen : “Gandheng sampun sonten nggih boten kathah-kathah. Panjenengan bikak kaca 56. Boten kathah-kathah ki implikasine menapa Mbak? Implikature ndang bubar rampung ujiane. Hehehe.... Sampun kaca 56? Kamangka anggota DPR ki mesthi kelingan amargi yen sue sidange ya duwite akeh. Lah panjenengan anggen nyentil kados pundi menika?”
- Mahasiswa : “DPR plesir menyang negara sanes nanging ing negeri menika kathah ingkang dipun...”
- Dosen : “Bener, anggota DPR ki ngerti yen gaweane akeh. Kuwi termasuk sentilan.”
- Mahasiswa : “Menika sindhiran.”
- Dosen : “Kok sindhiran?”
- Mahasiswa : “Nyentil bilih presidhen menika langkung remen menawi seneng-senang ngaten Pak. Kadosipun mekaten. Kadosipun presidhen menika langkung remen kaliyan bab-bab ingkang ndadosaken piyambakipun remen kados plesir nanging ugi nilar kewajiban

mesthinipun presidhen mimpin DPR bilih gadhah kewajiban.
Mekaten Pak.”

Dosen : “Nggih sampun menika.”

Dosen : “Sampun pak saithik??”

Dosen : “Sampun. Hehehe...”

Dosen : “Implikaturipun sampun sonten.hehehe...nggih mangga
panjenengan istirahat rumiyin mangke dipuntimbali.”

TRANSKRIPSI II

Nama Sumber : Wahyu Setya Galuh
Tanggal ujian : 13 Desember 2011

Dosen : “Ibu Siti Mulyani, M.Hum kaliyan Ibu Nurhidayati, M.Hum ingkang kula urmati tan saha mahasiswa ingkang kula tresnani. Assalamu’alaikum Wr. Wb. Ing wanci siyang menika badhe ujian skripsi atas nama mbak Setya Galuh kanthi judul skripsi inggih menika peningkatan kemampuan membaca cerita berbahasa Jawa pada anak tuna grahita mampu didik kelas 7 dengan media cerita bergambar di SLB C Shanti Yoga Klaten. Mbak Wahyu Setya Galuh waras ta?”

Mahasiswa : “Inggih Pak. Hehehe...”

Dosen : “Mangga kita wiwiti kanthi dedonga miturut kapitadosan kita piyambak-piyambak. Cekap. Mangga mba Wahyu kula aturi presentasi. Mangga mbak Wahyu kula aturi nyentrongaken 10 sedasa menit ngangge media komunikasi basa Jawa krama kemawon.”

Mahasiswa : “Assalamu’alaikum Wr. Wb. Bapak Ibu dosen ingkang kinormatan saha para kanca ingkang tansah bagya mulya. Wonten mriki kula badhe ngandharaken skripsi kula kanthi irah-irahan Peningkatan Kemampuan Membaca Cerita Berbahasa Jawa Pada Anak Tunagrahita Mampu Didik Kelas 7 dengan Media Cerita Bergambar di SLB C Shanti Yoga Klaten. Bab 1 Purwaka, underaning perkawis, maos, kamampuan maos cerita basa Jawa siswa tunagrahita mampu didik taksih andhap. Kamampuan pikir ingkang andhap saking rata-rata siswa normal ndadosaken piyambakipun awrat anggenipun maos kanthi sae. Siswa enggal-enggal jemu menawi dipundhawuhi maos. Lajeng, dereng wonten variasi pembelajaran lan guru dereng ngginakaken media ingkang saget nggampilaken saha ndadosaken siswa tunagrahita menika betah rikala maos. Batasan masalah, ngindhakaken kamampuan maos cerita basa Jawa siswa tunagrahita mampu didik kanthi ngginakaken media cerita bergambar. Lajeng Rumusan masalahipun, kadospundi ngindhakaken kamampuan maos cerita basa Jawa siswa tunagrahita mampu didik kanthi ngginakaken media cerita bergambar. Lajeng ancasipun panaliten inggih menika kanthi ngindhakaken kamampuan maos cerita basa Jawa siswa tunagrahita mampu didik kanthi ngginakaken media cerita bergambar. Manpangatipun Panaliten menika kaperang dados tiga ingkang sepisan kangge siswa, guru, sekolah. Kangge siswa dipunajab saged mbiantu siswa nalika piwulangan maos, sarta

saged ngindhakaken kamampuan maos cerita basa Jawa siswa tunagrahita mampu didik. Manfangatipun kangge guru inggih menika media cerita bergambar menika saged kangge acuan guru nalika piwulangan maos, saengga langkung gampil anggenipun mulang maos. Lajeng kangge sekolahan dipunajib saged kagem pengembangan proses pengajaran basa Jawa kangge ngindhakaken prestasi maosipun siswa. Bab kalih kajian teori, andharaning teori, teori ingkang dipunginakaken inggih menika media pendidikan, media cerita bergambar, pembelajaran maos saha anak tunagrahita. Media pendidikan antawisipun pangertosan media pendidikan, fungsi media pendidikan. Media cerita bergambar antawisipun pangertosan media cerita bergambar, fungsi media cerita bergambar, kriteria pemilihan media cerita bergambar saha pemilihan tema pada media cerita bergambar. Pembelajaran maos teorinipun pangertosan maos, ancasipun maos. Ingkang anak tunagrahita, pangertosan anak tunagrahita, pangertosan anak tunagrahita mampu didik, klasifikasi anak tunagrahita mampu didik, saha ciri jasmani kalihan rohani anak tunagrahita mampu didik. Panaliten ingkang jumbuh menika wonten kalih, ingkang sepisan, Panaliten ingkang kagarap dening Surasa kanthi irah-irahan “Penggunaan Media Cerita Bergambar untuk Meningkatkan Kemampuan Membaca bagi Anak Tunagrahita Mampu Didik Kelas D3 di SLB C Negeri 1 Yogyakarta”. Lajeng panaliten ingkang jumbuh angka kalih, Panaliten ingkang kagarap dening Marsudi kanthi irah-irahan “Cerita Bergambar sebagai Media Peningkatan Kemampuan Bicara pada Anak Tunagrahita Mampu Latih Kelas 1 SMLB di Sekolah Luar Biasa Bagian C Negeri Bantul Yogyakarta”. Kerangka Pikir, media cerita bergambar dipunginakaken ing piwulangan maos siswa tunagrahita mampu didik, saking mrika saged nuwuhaken motivasi kaliyan minat siswa tunagrahita kangge maos, Saking menika siswa saged betah lan wonten greget nalika maos lan siswa saged paham wosing carita. Bab tiga metode penelitian, pendekatan penelitian : penelitian tindakan kelas. Setting penelitian : papanipun wonten ing SLB C Shanti Yoga Klaten. Lajeng Wekdalipun panaliten ing wulan Maret dumugi April 2011. Subjek saha objek panalitenipun, subjekipun: siswa tunagrahita mampu didik kelas 7 SLB C Shanti Yoga Klaten, lajeng Objek Panalitenipun : wonten ing kamampuan maos. Teknik ngempalaken data menika observasi, wawancara, saha dokumentasi, lajeng Instrumen penelitianipun : lembar observasi, Catatan lapangan, Pedoman wawancara bebas terpimpin, tes kamampuan maos, saha kamera digital. Lajeng teknik analisis datanipun : Analisis Deskriptif. Keabsahan data menika ngginakaken validitas saha reliabilitas : validitasipun

proses kaliyan dialogik. Lajeng menawi reliabilitasipun : Memperpanjang keikutsertaan kaliyan triangulasi metode. Kriteria keberhasilan tindakan menika saking proses kaliyan prestasi. Bab sekawan asil panaliten saha pirembagan. Asiling Panaliten menika ngandharaken pratindakan saha tindakan panaliten ngginakaken media cerita bergambar. Wonten ing siklus setunggal, siswa lingsem nalika dipundhawuhi maos, rame lan boten nggatosaken, amargi wonten siswa kelas sanes ingkang ngganggu nalika piwulangan. Wonten ing siklus kalih, siswa radi rame sinaosa sampun boten wonten siswa kelas sanes ingkang ganggu. Lajeng wonten ing siklus tiga, siswa anteng lan konsentrasi. Siswa wantun anggenipun nyuwun pirsu saha wantun anggenipun paring pamanggih. Pirembagan, ngandharaken pratindakan, kalaksananing panaliten tindakan kelas maos cerita basa Jawa ngginakaken media cerita bergambar. Lajeng, peningkatan kemampuan maos cerita basa Jawa kanthi ngginakaken media cerita bergambar. Bab gangsal panutup, dudutanipun, media cerita bergambar saged ngindhakaken kemampuan maos crita basa Jawa siswa tunagrahita. Menika saget mriksani wonten ing biji radin-radin pratindakan menika gangsal koma tigang dasa kalih. Lajeng biji radin-radin siklus setunggal enem koma kawan dasa kalih, biji radin-radin siklus kalih pitu koma tigang dasa gangsal. Lajeng biji radin-radin siklus tiga pitu koma wolung dasa pitu. Implikasi, media cerita bergambar saged dipunginakaken guru wonten ing pasinaonan kangge ngindhakaken kemampuan maos siswa. Saran, Kangge guru kelas 7, dipunajib ngginakaken media cerita bergambar wonten ing pasinaonan maos. Lajeng, kangge siswa ingkang kemampuan maosipun taksih andhap, dipunajib gladhen supados langkung sae. Lajeng, kangge panaliten saklajengipun, dipunajib saged niliti siswa tunagrahita wonten ing kemampuan sanesipun. Maturnuwun.”

Dosen : “Nggih sampun cekap. Mangga Bu Siti gangsal menit menapa selangkung menit.”

Dosen : “Inggih, assalamu’alaikum wr. Wb. “

Semua : “Wa’alaikumsalam Wr. Wb.”

Dosen : “Ndherek bingah mbak Wahyu sampun kasil ngrampungaken skripsi kanthi irah-irahan peningkatan kemampuan membaca cerita berbahasa Jawa pada anak tuna grahita mampu didik kelas 7 dengan media cerita bergambar di SLB C Shanti Yoga Klaten. Kula badhe pitaken, konfirmasi saha pamrayogi. Ingkang... sekedhap, persembahan. Mangga panjenengan amati ingkang panjenengan sukani persembahan mangga nanging limrahipun ingkang dipun sembah-sembah menika temtunipun ingkang inggil. Ingkang nomer kalih abstrak Mbak, alinea kaping kalih.”

Mahasiswa : “Nggih.”

- Dosen : "Ukara pungkasan panjenengan waos."
- Mahasiswa : "Setting penelitian..."
- Dosen : "Sekedhap, alinea kalih ukara pungkasan."
- Mahasiswa : "Oh pungkasan. Keabsahan data yang digunakan adalah validitas proses dan validitas dialogik serta kredibilitas dengan cara memperpanjang pengamatan terhadap siswa tuna grahita."
- Dosen : "Ingkang dipunwastani kredibilitas menika kados pundi?"
- Mahasiswa : "Kredibilitas menika derajat kepercayaan"
- Dosen : "Derajat kepercayaan? Lajeng menawi keabsahan data limrahipun menika dipun padosi derajat kepercayaan. Ateges leresipun utawi botenipun? Sapangertosan kula, ingkang namanipun keabsahan data panaliten menika wonten kalih reliabilitas kaliyan validitas. Valid tidaknya, reliabel itu harus ada. Mangke pun jangkepaken kredibilitas menapa reliabilitas. Sapangertosan kula wonten kalih. Lajeng pendahuluan, piye ki? mangertos-mangertos kaca pitu e mbak, ingkang enem panjenengan korup wonten pundi mba??"
- Mahasiswa : "Oh nggih Bu..menika kula wonten kaca enem Bu."
- Dosen : "Anggen kula boten wonten e...panjenengan korup e, mangertos-mangertos kaca pitu....Pak Mul wonten boten kaca enem?."
- Dosen : "Boten...hehehehe."
- Dosen : "Mangke dipunganti nggih. Bab kajian teori mbak, panjenengan mastani teori bab media kaliyan teori bab ketrampilan maos menika langkung penting ingkang pundi to?"
- Mahasiswa : "Kamampuan maos."
- Dosen : "Lajeng pun urutaken, saking ketrampilan membaca, ketrampilan maos menika kados pundi, mbok bilih wonten jinispun, lajeng caranipun kadospundi, pembelajaran membaca menika kados pundi, mangke panjenengan pun othak-athik nggih? Amargi ingkang panjenengan tliti lak peningkatan kemampuan membaca, nggih langkung prayogi kemampuan membaca nggih?."
- Mahasiswa : "Nggih Bu"
- Dosen : "Lajeng namung tata panyeratipun mbak."
- Mahasiswa : "Nggih."
- Dosen : "Panjenengan gatosaken nggih kenging menapa kok umpaminipun kaca selikur mangke saperangan ingkang kata depan, imbuhan pun gatosaken nggih?"
- Mahasiswa : "Nggih Bu."
- Dosen : "Namung tata panyeratipun rujukan."
- Mahasiswa : "Nggih."
- Dosen : "Panjenengan nindakaken pandom ingkang pundi? Pedoman penulisan tugas akhir ingkang pundi?."
- Mahasiswa : "Pedoman penulisan tugas akhir saking fakultas."

- Dosen : “Mangke pun gatosaken nggih, sanajan ta menika prasaja nanging dipungatosaken nggih?”
- Mahasiswa :”Nggih.”
- Dosen : “Lajeng wonten perangan kaca nem likur.”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Panjenengan waos alinea kaping kalih.”
- Mahasiswa : “Nggih. Pelaksanaan penelitian ini meliputi penelitian tindakan kelas dan pelaksanaan tindakannya dipilih dari beberapa sudut yang dinilai dari perencanaan, tindakan dan observasi dilanjutkan refleksi.”
- Dosen : “ Nggih sekedhap, panjenengan nindakaken pinten siklus ing penelitian menika?”
- Mahasiswa : “Tiga”
- Dosen : “Data penelitian yang telah berhasil dikumpulkan selanjutnya akan dianalisis, nek ngaten dereng pun analisis nggih? Pun ganti nggih?.”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Lajeng kaca 28, tehnik dan alat pengumpulan data, mliginipun ing alat pengumpulan data, panjenengan ing nginggil ngandharaken bilih observasi dilakukan, lajeng wawancara mendalam untuk mendapatkan informasi selengkap-lengkapnyanya terkait dengan siswa tunagrahita yang menjadi subjek penelitian, nanging menawi dipunjumbuhaken kaliyan instrumen panjenengan, alat pengumpul data kok malah ingkang panjenengan nyawisaken pedoman wawancara bebas terpimpin? Lajeng gayutanipun kaliyan analisis menika kados pundi?”
- Mahasiswa : “Pedoman wawancara ingkang dipunginakaken kaliyan siswanipun, lajeng wawancaranipun kaliyan guru utawi kaliyan kepala sekolah.”
- Dosen : “Nah, kedahipun menawi pedoman wawancara kaliyan siswa pitakenanipun sami? Informasi ingkang panjenengan gali saking siswa kaliyan guru sami?”
- Mahasiswa : “Boten.”
- Dosen : “Menawi beda kedahipun ugi pun bedakaken pedoman wawancaranipun, menawi panjenengan bebas terpimpin temtunipun beda kaliyan interview, ateges kekurangan panjenengan?”
- Mahasiswa : “Menika ingkang jumbuh.....”
- Dosen : “Nggih, pun rombak nggih?.”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Lajeng pun jumbuhaken kaliyan instrumen salajengipun Mbak, catatan lapangan mangga, lajeng kemampuan membaca. Panjenengan wonten ing kaca tigang dasa, menyatakan tes yang digunakan dalam penelitian ini ada dua jenis yaitu tes lesan dan tes tertulis. Tes lesan kok maos Mbak? Ingkang pun wastani tes lesan menika menapa?”

- Mahasiswa : “Tes lesan melafalkan secara lesan menika maosipun ingkang dados tes lesan.”
- Dosen : “Maos menika lesan?”
- Mahasiswa : “Hmm inggih, verbal.”
- Dosen : “Secara verbal, menika maos pun gatosaken, mangke pun jangkepi malih nggih.”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Lajeng dipungayutaken kaliyan data penilaian tes lesan, kula malah bingung, kenging menapa kok panjenengan nemtokaken indikator ingkang maos, kok nomer setunggal ketepatan pelafalan, lajeng panjengan, siswa dapat membedakan dan melafalkan semua huruf vokal basa Jawa a i u e o ?”
- Mahasiswa : “Menika wonten pedoman skor penilaianipun nggih Bu, bilih menawi siswa menika sampun berusaha maos ananging boten tepat yen menika dipunbiji skoripun setunggal.”
- Dosen : “Nggih.”
- Mahasiswa : “Bilih skor kalih menika menawi siswa terkadang ngadhep ananging kanthi rayuan.”
- Dosen : “Nggih.”
- Mahasiswa : “Lajeng ingkang skor tiga menika menawi saperangan saged mandiri ananging saperangan ugi kedah dipunbantu menika ingkang tiga.”
- Dosen : “Inggih.”
- Mahasiswa : “Lajeng skor sekawan menika menawi siswa menika saged mandiri boten wonten bantuan.”
- Dosen : “Nggih, wujud tes maos kalawau kaliyan irah-irahan panjenengan membaca cerita berbahasa Jawa temtunipun wujudipun tes maos menapa Mbak? Limrahipun tes maos menapa Mbak?”
- Mahasiswa : “Tes maos cerita basa Jawa.”
- Dosen : “Tes maos cerita basa Jawa, tuladha ingkang cetha vokalipun vokal tembang utawi macem-macemipun, kula ingkang bingung wonten ing mriki menika, panjenengan ngetang vokal ingkang kaginakaken wonten ing wacana menika, hasil ingkang panjenengan teliti lak dereng ngertos, iya ta?”
- Mahasiswa : “Inggih.”
- Dosen : “Lajeng mekaten ugi siswa dapat membedakan dan melafalkan huruf konsonan, huruf kok konsonan iki piye?”
- Mahasiswa : “Konsonan rangkap.”
- Dosen : “Nggih, siswa dapat melafalkan diftong, kula tingali wonten ing mriku panjenengan boten wonten ingkang diftong?”
- Mahasiswa : “Diftong menika vokal rangkap.”
- Dosen : “He’em...wonten?”
- Mahasiswa : “Li-an?”
- Dosen : “Hah? Lian menika diftong?haah?.”
- Dosen : “Sampun mastani diftong menapa hayoo?.”

- Mahasiswa : “Vokal rangkap dalam satu kata.”
 Dosen : “Dalam satu kata? Hayoo? Masa dalam satu kata?”
 Mahasiswa : “Menika Lia, vokal...”
 Dosen : “ Adhuuh...panjenengan kepiye... kurang saniil lo sarjana?”
 Mahasiswa : “Sinau ngaten Bu?”
 Dosen : “Sinau, Si-na-u, diftong?”
 Mahasiswa : “A-u menika vokal rangkap.”
 Dosen : “He’em..sinau, lia, mau, hayo menapa ingkang pun wastani diftong? Vokal rangkap? Vokal ingkang wonten pundi?”
- Mahasiswa : “Vokal rangkap ing salebetipun...”
 Dosen : “Wuadhuuh.....”
 Mahasiswa : “Vokal rangkap ing salebeting....”
 Dosen : “Salebeting?”
 Mahasiswa : “Tembung?”
 Dosen : “Tembung ingkang apa?”
 Mahasiswa : “Hehe..Vokal rangkep?”
 Dosen : “Pantai, wonten Indonesia gulai...”
 Mahasiswa : “Menyatakan sangat.”
 Dosen : “Boten, vokal berurutan dalam satuuu?”
 Mahasiswa : “Kata...”
 Dosen : “Dalam satuu?.”
 Mahasiswa : “Kata.”
 Dosen : “Boten kata, satuu wanda, suku kataa, satu hembusan nafas, menika boten wonten, lajeng menawi cobi ingkang nomer sekawan, dapat melafalkan gabungan huruf vokal konsonan vokal, iki piye karepe?.”
- Mahasiswa : “Inggih menika wonten basa Jawa.”
 Dosen : “Wonten??”
 Mahasiswa : “Boten wonten Ibu ingkang vkv ananging rikala kula ngoreksi badhe kula ewahi ingkang kkvk, menapa jenis kata asing, menika boten jumbuh antawisipun mangke siklus ehh pratindakan lajeng siklus setunggal, siklus kalih....”
- Dosen : “Waahh, panjenengan boten saged, mangke panjenengan ngaten bijinipun kangelan. Menawi maos cariyos menika prayoginipun menawi ningali leres botenipun menika masalahaken menapa ta? Panjenengan menawi ngaten menika boten saged nliti kangelan anggenipun mbiji. Langkung prayogi panjenengan ningali rancanganipun terdiri dari berapa kata??. Dados bisa melafalkan kata dengan mandiri berapa, dengan bantuan berapa, mandiri dengan bantuan berapa, kula kinten langkung pas. Untuk ketepatan lafal ananging menawi ngaten mangke panjenengan bingung. Kados pundi anggenipun panjenengan mbiji??
- Mahasiswa : “Kangge tuladhanipun, umpaminipun kaca satus sanga.”
 Dosen : “Hmmmmmm satus sanga nggih.”

- Mahasiswa : “Inkang nomer setunggal siswa dapat membedakan pelesapan huruf vocal bahasa jawa menika pikantuk skor kalih amargi piyambakipun kadang dapat tapi dengan bantuan.”
- Dosen : “Nggih nanging panjenengan boten adil ta???? Inkang bantuan namung sekedik, inkang saged mandiri kathah malah mung di biji loro meniko lak boten adil. Kula kinten langkung prayogi per tembung, dados inkang panjenengan pun biji tembungipun inkang saged pun lafalaken. Inkang mandiri pinten, inkang bantuan pinten, mandiri bantuan pinten, kula kinten bade langkung trep lajeng inkang ketepatan intonasi, kelancaran, dados lancar menopo maosipun dipun ambali, menopo maosipun nggrandet menika saged nanging kebenaran pelafalan dasaripun panjenengan boten saged, menawi kelancaran kula kinten monggo kemawon saged. Tidak ragu-ragu membaca tidak gagal, lajeng boten pun wangsuli baleni suku kata menika trep, nanging kebenaran pelafalan criteria inkang panjenengan ginaaken kula kinten kirang. Lajeng intonasi mangga meniko ugi saged, nanging kebenaran menika inkang piye iki carane ngandaraken nggih. Lajeng malih Mba tesih gayut kaliyan menika, menawi irah-irahan panjenengan peningkatan kemampuan membaca cerita berbahasa jawa inkang dipun soroti menika menapa?”
- Mahasiswa : “Kemampuan maosipun.”
- Dosen : “Kemampuan maosipun, estu menika?”
- Mahasiswa : “Maos kaliyan anggenipun memahami isinipun waosan.”
- Dosen : “Nanging wonten ing mriku panjenengan membaca nyaring ta nggih?”
- Mahasiswa : “Inggih menika gayut kaliyan wonten ing SKKD lajeng wonten membaca bersuara utawi nyaring.”
- Dosen : “Dados menawi SKKDnipun membaca bersuara membaca menyaring temtunipun inkang dipunukur menapa? ketrampilan?”
- Mahasiswa : “Vokal ehh ..”
- Dosen : “Boteeen.. nanging menawi dipungayutaken kaliyan RPPnipun Mba, sampun?”
- Mahasiswa : “Sampun.”
- Dosen : “RPP Perangan evaluasi?”
- Mahasiswa : “Inggih.”
- Dosen : “Pundi inkang ngasilaken ketrampilan teks inkang kangge ngukur maosipun menapa?”
- Mahasiswa : “Menika ngaten Bu inkang kangge ngukur maos inggih menika tes lisan maosipun”.
- Dosen : “Inggih, pundi soalipun pundi? Panjenengan tedahaken dhateng kula, amargi inkang wajibipun mesthinipun wonten RPP ta?”
- Mahasiswa : “Nggih.”

- Dosen : “Panjenengan tedahaken dhateng kula, Soalipun pundi?”
- Mahasiswa : “Wonten medianipun menika Bu.”
- Dosen : “Kok wonten media, kedahipun lak wonten ing evaluasi, evaluasi sajatosipun menawi maos nyaring temtunipun soalipun nggih bentuk teks boten wonten datanipun menawi wonten gambaripun supados media teks cerita bergambar menika namung minangka sarana supados media teks cerita bergambar menika namung minangka sarana supados kemampuan maosipun siswa bisa ta?”
- Mahasiswa : “Inggih.”
- Dosen : “Nanging rikala ugi tes temtunipun wonten teks bergambar ta? Inggih ta? Amargi boten peningkatan kemampuanipun boten peningkatan kemampuan membaca teks cerita bergambar nanging membaca cerita dengan media, temtunipun wonten ing evaluasi boten kok mangga dipungarap menika boten, nanging malah kamangka kita..haaa...lajeng panjenengan pun revisi ingkang leres kados pundi menika kula kinten membaca pemahaman. Menika ingkang perlu pun gatosaken nggih?”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Lajeng kacaaa...vokal rangkep mbok bilih sami nggih mangke pun gatosaken amargi kula boten gadhah gambaran rikala panjenengan ingkang pun ukur menika kados pembicaraan pembimbing menika boten saged nanging menawi tembung kula kinten radi nggampilaken.”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Kaca sangang dasa, sampun?”
- Mahasiswa : “Sampun.”
- Dosen : “Panjenengan ngandharaken dhateng kula diagram perubahan skoripun menika kados pundi? Perubahan skor rata-rata teks penilaian dari masing-masing tindakan sampai siklus tiga?”
- Mahasiswa : “Inggih, menika minimal ketepatan pelafalan pratindakan menika skoripun tigang dasa kalih koma pitung dasa gangsal, lajeng wonten ing siklus setunggal dados tigang dasa wolu koma gangsal, lajeng ketepatan pelafalan wonten ing siklus kalih menika kawandasa sekawan koma selangkung, lajeng wonten ing siklus tiga kawandasa gangsal koma gangsal menika ingkang aspek ketepatan pelafalan.”
- Dosen : “Tegesipun menapa menika?”
- Mahasiswa : “Menika saking pratindakan dumugi siklus tiga wonten peningkatanipun.”
- Dosen : “Peningkatan?”
- Mahasiswa : “Peningkatan ketepatan pelafalan.”
- Dosen : “Nggih...lajeng?”
- Mahasiswa : “Lajeng wonten ing ketepatan intonasi wonten ing pratindakan setunggal lajeng tindak ing siklus setunggal setunggal koma

- pitung dasa gangsal, dene siklus kalih koma gangsal, dene ing siklus tiga tiga koma gangsal.”
- Dosen : “he’emm...nggih terus?”
- Mahasiswa : “Ing ketepatan isinipun pratindakan wolulas koma selangkung, lajeng siklus setunggal selikur koma pitung dasa gangsal, siklus kalih sekawanlikur koma pitung dasa gangsal, lajeng siklus tiga wolulikur.”
- Dosen : “ Nggih sekedhap, pitakenan salajengipun ingkang panjenengan maksudaken ketepatan isi menika menapa?”
- Mahasiswa : “Ketepatan isi menika saking anggenipun siswa nggarap wonten ing soal-soal menika kangge indikator ketepatan isi.”
- Dosen : “Nggih, menika ingkang langkung baku nguwaosi ta nggih? Amargi, kula mangertosi bilih anak tuna grahita saged maos kanthi lempeng kemawon sampun sae ta?”
- Mahasiswa : “Amargi menika siswanipun ingkang mampu didik dipundidik maos kangge pemahaman isi menika ingkang siswanipun dados dene FK menika maosipun sampun nggih sae menawi wonten ukuran siswa tuna grahita lajeng mangke siswanipun menika putranipun bapak ibunipun menika guru mbok bilih wonten ing griya menika pun latih pun latih terus lajeng saged ugi ketepatan isinipun menika saged ingkang FK.
- Dosen : “Inggih, ning pun tingale saestu mbok bilih ingkang inggil nggih menawi sanesipun boten purun ta?”
- Mahasiswa : “Nggih menika siswa ingkang FK menika ingkang sedhengan Ibu, lajeng ingkang sae malih wonten AD, ingkang WH kaliyan HM, WH menika eee..bapak ibunipun sanes guru boten saged, latihan mawon nggih kirang, lajeng kamampuan maosipun kirang ingkang AN ingkang Anisa menika piyambakipun boten mantuk dados wonten asrama menika dados maose mawon kedah dipunpancing-pancing ngaten menika, dipuncaosi HP ngaten nembe saged purun maos.”
- Dosen : “Inggih, kula saged nggambaraken saged maos lancar kemawon sajatosipun lak sampun dipunwastani sae ta sanajan ta mampu didik kalawau.”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Lajeng gayut kaliyan ingkang panjenengan sebataken kalawau, Bu saged pun tingali wonten ing kaca satus sanga ing transkripsi. Panjenengan ngginakaken transkripsi model menapa Mba? Kula bingung e? Transkripsi ingkang panjenengan ginakaken menika model ngendi?”
- Mahasiswa : “Gadhahipun Fonemis.”
- Dosen : “Fonemis napa fonetis? Maos lho nggih...nek maos lak dilisanke ta nggih? Yen dilisanke menika model transkripsi menapa?”
- Mahasiswa : “Fonetis.”

- Dosen : “Fonetiiiis, wonten menika ing kacaaa nah menika panjenengan ingkang transkripsi-transkripsi boten wonten ingkang leres.”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Wonten kirangipun? Menawi transkripsi fonetis nggih ngangge d titik ngandhap. Nggih ta? Iki marakke bingung, iki transkripsi apaa?? Awan-awan pancen enak gadho-gadho nggih campur-campur pancen enak ta? Nanging ing seratan menika kula kinten panjenengan kedah komitmen panjenengan ngginakaken transkripsi menapa? menawi fonemis boten pas amargi menika gambaran kados pundi siswa menika maos temtunipun langkung pas panjenengan ngginakaken transkripsi fonetis. Ngangge transkripsi fonetis, mekaten ugi pembahasan menika Mba, pembahasan panjenengan ugi boten wonten ta anggenipun transkripsi ta? Ditetepake panjenengan sampun transkripsi fonemis nanging lebetipun transkripsi grafemis. Menika ingkang kedah penjenengan gatosaken nggiih? Yen transkripsi fonemis wonten ing pembahasan amargi panjenengan kalawau kanthi nggarap wontenipun lafal atau fonem temtunipun nggih fonem nanging transkripsi fonemis ingkang lebet, dho menika d titik ngandhap. Menawi ng, ny, beda ta? Menika ingkang kedah panjenengan gatosaken?”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Lajeng menika sedaya nggih Mba nggih mangke sedaya pun ewahi nggih transkripsi fonetis, gampang namung betah penelitian ketelatenan amargi panjenengan sampun nyebataken transkripsi, transkripsi fonetis. Lajeng anggenipun mbiji mangga amargi panjenengan ngandharaken tekanipun kula kinten panjenengan anggenipun mbiji pun ambali malih kula kinten nggih? Mbok bilih langkung gampil menawi per tembung menawa boten bedanipun vokal, nanging tembung menika leres napa boten menika langkung gampil tur malih mbok bilih langkung tliti. Menawi kalawau panjenengan mbedakaken a, e, o ngaten kamangka boten namung setunggal e..kathah sanget, fonem konsonanipun ugi kathah sanget, panjenengan anggenipun mbiji dasaripun menapa menika malah meragukan, nanging menawi panjenengan ketepatan pelafalan kalawau dasaripun tembung kula kinten gampil menika nggih?”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Menika kula kinten ingkang perlu pun tambah menika, seratan sanesipun kula kinten estu sae dhateng panjenengan ingkang sampun kasil penguasaan menika mbetahaken ketelitian yang sangat, panjenengan saged ngandharaken menika sae namung supados langkung sampurna kasil panaliten panjenengan. Kula kinten sampun cekap, maturnuwun wonten kirang langkungipun nyuwun pangapunten, wasana, Wassalamu’alaikum Wr. Wb.

- Semua : Wa'alaikumsalam Wr. Wb.
- Dosen : "Menika Penguji spektakuler kawan dasa gangsal menit, salajengipun mangga Bu Nur sedasa menit kemawon Bu...hehehe."
- Dosen : "Mba Galuh, kula rumiyin ngeten niki, Mbak sing normal wae angel kok milihe tuna grahita ngapa Mbak?"
- Mahasiswa : "Mendhet subyek wonten ing tuna grahita amargi masalah-masalah wonten ing kelas menika boten namung wonten ing sekolah-sekolah ingkang umum kemawon SD,SLTP, menapa dene SLTA ingkang umum kemawon, ananging wonten ing sekolahan khusus tuna grahita nggih malah kathah masalah ingkang saged kangge bahan panaliten.
- Dosen : "Wonten mrika wonten kurikulum basa Jawa?"
- Mahasiswa : "Wonten menika."
- Dosen : "Nah, kuwi landasane, nggih lajeng, gayut kaliyan kenging menapa panjenengan mendhet sanesipun membaca nyaring kalawau menawi badhe pun ewahi mawi tembung nggih manke supados mangertos pelafalannipun. Samenika kula nyuwun pirsaa, panjenengan ngginakaken teori menapa Mba membaca nyaring?"
- Mahasiswa : "Membaca nyaring saking buku Rahim Farida."
- Dosen : "Inggih, wonten mriku wonten jumbuh kaliyan membaca nyaring menika membaca ingkang kados menapa?"
- Mahasiswa : "Membaca kanthi melafalkan secara verbal dari wacana sederhana sesuai dengan tingkat kemampuan anak."
- Dosen : "Tujuan membaca nyaring ki apa Mba?"
- Mahasiswa : "Supados guru menika saged mangertosi pelafalanipun siswa leres menapa boten."
- Dosen : "Nggih, cekap namung ngaten kemawon? Gayut kaliyan pemahaman perlu boten?"
- Mahasiswa : "Memahami isi bacaan."
- Dosen : "Bukan langsung ditahapan memahami isi, ada tingkat sebelum memahami isi itu, memberikan informasi dahulu, memperkaya kosakata sehingga dapat diturunkan menjadi indikator memahami isi dalam taraf tidak secara uraian hanya sepintas-sepintas informasi yang ada. Wonten uraian boten wonten mriku?"
- Mahasiswa : "Boten."
- Dosen : "Boten. Trus peringkat membaca nyaring dipuntambahi menawi panjenengan badhe nggayutaken kaliyan ingkang memahami isi atau menjelaskan isi. Lajeng taksih wonten ingkang namung kangge pelafalan ananging membaca nyaring juga untuk mendapatkan informasi. Lajeng gayut kaliyan bentuk tes Mba, kok wonten tes ingkang panjenengan kersakaken tes lisan menika menapa?"
- Mahasiswa : "Tes maos lisan."

- Dosen : “Nek membaca ki melisankan memang tapi dhe’e opo nek membaca lisan? Nek membaca umpami pidato ngaten?”
- Mahasiswa : “Perform?”
- Dosen : “Hmm..Samenika lajeng gayut kaliyan tes, saged boten materi ingkang pun ginakaken menika dipunginakaken kangge tes? Panjenengan ngginakaken materi yang sama ta yang diukur saged boten?”
- Mahasiswa : “Saget.”
- Dosen : “Landasanipun menapa?”
- Mahasiswa : “Menika materinipun saking cerita bergambar menika Bu.”
- Dosen : “Trus kudune nganggo kuwi?”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Ning iki ditambahi...soale neng kene ki kurang ta ndhuk?”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Kenging menapa Mba panjenengan ngginakaken gambar tumrap tuna grahita?”
- Mahasiswa : “Supados langkung gampil anggenipun siswa menika mangertosi informasinipun.”
- Dosen : “Nah kuwi dadi ngginakake gambar, yen ora nganggo gambar?”
- Mahasiswa : “Awrat amargi piyambakipun siswa tuna grahita menika cenderung kongkrit visual menika.”
- Dosen : “La yo kuwi, dados prinsip evaluasi yaitu adalah materi yang diberikan dapat juga digunakan untuk evaluasi bahkan yang digunakan untuk evaluasi adalah bahan yang diajarkan karena ini membaca nyaring dados pun ginakaken. Nah niki dikei meneh Mba, mung samonten iki dicopy wae rak papa iki dilampirke. Kalau tidak anda berikan pegangan untuk menambahkan. Sampun Bapak maturnuwun.”
- Dosen : “Nggih Bu Nurhidayati, M.Hum giliran kula, panjenengan bikak kaca sewelas?”
- Mahasiswa : “Nggih.”
- Dosen : “Pernyataan pengertian anak tuna grahita mampu didik dan seterusnya...nah pamanggih menika ngutip?”
- Mahasiswa : “Saking ngutip.”
- Dosen : “Ngutip bukunipun sinten menika?”
- Mahasiswa : “Ibu Mumpuniati.”
- Dosen : “Hehehe...Nah aku apal banget nek kuwi hehehehe aku biyen mantan pacare e hehehehe....samenika ingkang pungkasan mawon alinea kaping tiga, miturut Samuel menika panjenengan ngutip basa inggrisipun menika pundi panjenengan ngasta literaturipun menapa boten?”
- Mahasiswa : “Wonten Pak, Insya Alloh menika kula beta, amargi wonten UPT antri menika lajeng wonten rak-rak tuna grahita.”

Dosen : “Nggih cekap semanten benjing dipunfoto copy, cekap semanten mangga ujian ing siyang menika kula aturi medal sedaya ingkang kantun Mba Galuh.”